



Center for  
Prevention Programs  
and Partnerships



# Resous pou Prevansyon:

Amelyore Kapasite Evalyasyon Menas Konpòtmantal ak Jesyon Dosye yo Atravè yon Apwòch ki Fonde sou Sante Piblik



## Tabdèmatyè

<b><i>Vyolans ki Sible ak Teworis Afekte Tout Kominote yo</i></b> .....	<b>2</b>
<b><i>Yon apwòch ki fonde sou sante piblik pou prevansyon kont vyolans ki sible ak teworis</i></b> .....	<b>3</b>
<b><i>Nivo Pwogram Prevansyon yo kont Vyolans ki Sible ak Teworis</i></b> .....	<b>3</b>
<b><i>Pratik Prevansyon ki Pwomèt: Evalyasyon ak Jesyon Menas Konpòtmantal</i></b> .....	<b>4</b>
<b><i>Yon Apwòch ki Santre sou Kominote</i></b> .....	<b>5</b>
<b><i>Idantifye, Ankete, Evalye, Jere</i></b> .....	<b>6</b>
<b><i>Faktè Sosyal oswa Anviwònmantal, Sityasyonèl ak Endividyèl</i></b> .....	<b>6</b>
Faktè Sosyal oswa Anviwònmantal.....	7
Faktè Sityasyonèl .....	7
Faktè Endividyèl.....	7
<b><i>Amelyore Pratik Jesyon Dosye yo</i></b> .....	<b>8</b>
<b><i>Elaji Patenarya konsènan Jesyon Menas Konpòtmantal ak Sante Piblik</i></b> .....	<b>8</b>
<b><i>Abòde Faktè Risk ak Pwoteksyon yo atravè Jesyon Dosye Miltidisciplinè: Etid Dosye</i></b> .....	<b>9</b>
Faktè Estrès yo ak Akseleratè Potansyèl Vyolans yo.....	9
Estrateji Potansyèl pou Jesyon Dosye.....	9
Siveyans ak Evalyasyon .....	10
<b><i>Konklizyon</i></b> .....	<b>10</b>
<b><i>Resous CP3 yo</i></b> .....	<b>10</b>
<b><i>Nòt</i></b> .....	<b>11</b>



Ministè Sekirite Enteryè a te etabli **Sant pou Pwogram Prevansyon ak Patenarya (CP3)** pou dirije efò prevansyon ki sible kont vyolans ak teworis atravè Ministè an. CP3 travay pou kreye yon kilti prevansyon pou vyolans ki sible ak teworis Ozetazini nan itilize rechèch sou prevansyon kont vyolans ki baze sou prèv. Zak vyolans ki sible ak teworis yo souvan ka evite, epi CP3 sipòte efò yo pou kanpe vyolans lan anvan li rive.

Lekòl yo, espas travay yo, ak kominote yo deplizanpli itilize modèl evalyasyon ak jesyon menas konpòtmantal yo pou ofri sèvis entèvansyon prekòs bay moun ki montre konpòtman ki bay preyokipasyon.<sup>1</sup> Atravè finansman sibvansyon federal ak asistans teknik, CP3 sipòte devlopman plizyè douzèn ekip evalyasyon ak jesyon menas konpòtmantal nan kominote atravè peyi Etazini.

Dapre travay sa a e angajman ak ekspè, chèchè, ak pwofesyonèl, Resous pou Prevansyon sa a esplike kijan evalyasyon menas konpòtmantal ak modèl jesyon dosye yo gendwa benefisye nan adopte yon apwòch ki fonde sou sante piblik pou prevansyon kont vyolans ki sible ak teworis. Li rezime tou pratik k ap parèt nan teknik jesyon dosye pou ranfòse konpetans pwofesyonèl yo nan tout nivo prevansyon kont vyolans. Yon etid dosye dekri kijan rekòmandasyon sa yo ka mete an pratik.

**Remake:** Resous pou Prevansyon sa a pa bay enfòmasyon presi sou fason pou reyalize evalyasyon menas konpòtmantal. Lòt resous federal yo nan seksyon konklizyon yo pou sipòte kolaborasyon ant sante piblik, evalyasyon menas konpòtmantal ak pratik jesyon dosye yo.

**Limit responsabite nou:** *Resous pou Prevansyon sa a sou Amelyorasyon Kapasite Evalyasyon Menas Konpòtmantal ak Jesyon Dosye atravè yon Apwòch ki Fonde sou Sante Piblik bay yon rezime sou rechèch yo Sant pou Pwogram ak Patenarya Prevansyon yo ekri. Enklizyon atik, rechèch, ak referans pa reprezante apui pou okenn antite ki pa federal oswa kontni yo bò kote Ministè Sekirite Enteryè Etazini an oswa Gouvènman Federal la.*

## Vyolans ki Sible ak Teworis Afekte Tout Kominote yo

Etazini temwen konsekans trajik vyolans ki baze sou revandikasyon yo. Nan lane 2023, Sant Nasyonal Evalyasyon Menas Sèvis Sekrè Ameriken an (USSS-NTAC), te pibliye *Atak an mas nan espas piblik yo: 2016-2020*, analiz ki pi konplè Ministè an sou vyolans ki sible jiskaprezan. Etid la te egzamine 173 atak an mas ki afekte zòn piblik oswa semi-piblik sou yon peryòd senk lane, ansanm ak zak vyolans premedite nan lekòl ak nan espas travay, krim rayisman, ak teworis.<sup>2</sup> Akoz rechèch sa a, nou konnen nou ka anpeche zak vyolans ki sible ak teworis yo. Evalyasyon ak jesyon menas konpòtmantal (BTAM) se yon pwosesis sistematik, ki baze sou prèv ki ka ede kominote yo idantifye ak jere potansyèl menas vyolans, epitou ede konekte moun ki riske yo ak sèvis yo bezwen yo.

Vyolans ka klase kòm yon bagay ki pa reflechi (reyaktif) oswa predatè (ki planifye).<sup>3</sup> Vyolans enpilsif emosyonèl ak espontane, souvan se pou reyaji ak yon menas imedya yo wè, pandan vyolans predatè premedite epi li sèvi yon objektif presi.<sup>4</sup> Rechèch yo montre pwosesis vyolans ki sible a kòmanse byen lontan anvan yon atak, e dènye etap yo nan planifikasyon ak preparasyon yo kouvri plizyè jou, semèn, mwa, oswa menm lane.<sup>5</sup> Pandan eleman yo nan pwosesis sa a pa prediksyon vyolans ki sible, moun ki kontanple vyolans souvan montre konpòtman ki bay preyokipasyon oswa angaje yo nan aksyon preparasyon anvan atak la ki detektab, yo toude an bay yon opòtinite pou pratik evalyasyon ak jesyon menas konpòtmantal anpeche yon atak. Anplis sa, moun ki montre konpòtman ki bay preyokipasyon yo ka tire avantaj nan entèvansyon prekòs ki abòde defi ki cache nan lavi yo.



## Yon Apwòch ki Fonde sou Sante Piblik pou Prevansyon kont Vyolans ki Sible ak Teworis

Yon apwòch ki fonde sou sante piblik pou prevansyon kont vyolan konsantre sou "sante, sekirite, ak byennèt tout popilasyon an." <sup>6</sup> Travay sa a konsantre sou amelyore faktè pwoteksyon ki ranfòse otonomi moun, kanmarad yo, fanmi yo, ak kominote yo, pandan l ap diminye chans pou yon moun al fè vyolans.<sup>7</sup> CP3 apiye l sou rechèch sa a pou abòde risk ak faktè pwoteksyon ki asosye ak vyolans ki sible ak teworis.<sup>8</sup> Pandan risk ak faktè pwoteksyon pou chak moun ak kominote yo san parèy, done yo sijere diferan fòm vyolans ka konekte ant yo e pataje alafwa faktè risk ak pwoteksyon yo.<sup>9</sup>

Faktè risk yo pou angaje w nan vyolans ki sible oswa teworis ka varye soti nan faktè atitud yo, tankou kòlè, revandikasyon politik, ak siperyorite nan yon gwoup, rive nan faktè kriminojèn, tankou chèche gwo sansasyon ak yon kontwòl fèb sou tèt ou.<sup>10 11</sup> Faktè risk yo pa prediksyon; pito, yon faktè risk se "yon karakteristik ki ka ogmante posiblite yon moun pou [fè] vyolans."<sup>12</sup> Anplis sa, rechèch yo sijere risk ak faktè pwoteksyon yo ka varye selon kontèks lokal yo, sa ki mete aksan sou enpòtans ki genyen nan apwòch kominote yo pou prevansyon.<sup>13</sup>

Ranfòse faktè pwoteksyon yo ka ede bese aparisyon faktè risk yo. Pou prevansyon kont vyolans anjeneral, sa gen ladan l sipòte kominote yo pou asire kowòdinasyon resous ak sèvis atravè ajans kominote yo, ansanm ak asire kominote yo gen aksè ak sèvis tretman sante mantal ak itilizasyon sibstans.<sup>14</sup> Nan espas vyolans ki sible ak teworis la, faktè pwoteksyon yo ka gen ladan yo konfyans enstitisyonèl, soutyen sosyal, patisipasyon paran yo, ak satisfaksyon nan lavi.<sup>15</sup>

## Nivo Pwogram Prevansyon yo kont Vyolans ki Sible ak Teworis

Pou abòde faktè sa yo, CP3 òganize aktivite yo nan kat nivo pwogram prevansyon kont vyolans ak teworis: primòdyal primè, segondè, ak tèsyè.<sup>16</sup> Chak nivo prevansyon ofri opòtinite pou diminye risk vyolans ki sible ak teworis epi kreye yon pi gwo evantay patnè pou patisipe nan efò prevansyon yo. Nivo prevansyon sa yo varye ant abòde pi gwo faktè sosyete ki gen yon enpak negatif sou moun pou rive nan konstriksyon kominote ki pi sen nan nivo lokal, nan kreye pwogram sekirite ak reyabilite moun ki te deja angaje nan aktivite ki asosye ak vyolans ki sible ak teworis.

**Prevansyon Primòdyal:** Pwogram ak pwojè ki aji nan nivo sosyete a pou gen yon enpak pozitif sou sante ak byennèt moun ak kominote yo, sitou nan minimize kondisyon pwopis yo ki nuizib pou byennèt. Men kèk egzanp ki gen rapò ak Resous pou Prevansyon sa a:

- **Devlopman Politik yo:** Aplike estrateji prevansyon kont vyolans global yo pou sipòte byennèt ak sekirite piblik nan nivo lokal, Eta a ak federal.
- **Angajman Sivik:** Favorize nòm ki ankouraje angajman kominote a ak reyalizasyon pataje yo, edikasyon, ak detèminasyon, sa ki ka mennen nan pi bon kowezyon sosyal, diminyon tansyon ant gwoup yo, ak yon rediksyon vilnerabilite jèn yo.



**Prevansyon Primè:** Pwojè ki diminye chans pou vyolans ki sible ak teworis nan amelyore faktè pwoteksyon yo soti nan nivo endividyèl pou rive nan nivo sosyete a. Men kèk egzanp ki gen rapò ak Resous pou Prevansyon sa a:

- **Sansibilizasyon:** Bay edikasyon atravè tout sosyete a — lidè kominotè, edikatè, konpayi teknoloji, pwofesyonèl medikal, lapolis, founisè sèvis, ak lòt moun — sou risk ak faktè pwoteksyon pou vyolans ki sible ak teworis.<sup>17</sup>
- **Fòmasyon pou Temwen yo:** Amelyore kapasite manm kominote yo pou rekonèt siy avètisman vyolans yo, pran mezi pou angaje yo ak moun, epi ba yo asistans ak/oswa refere yo bay lòt resous, tankou kapasite pou prevansyon segondè.<sup>18</sup>

**Prevansyon Segondè:** Pwojè ki diminye chans pou vyolans ki sible ak teworis pami moun ki montre konpòtman ki asosye ak zak vyolans ki sible ak teworis anvan yo. Nivo entèvansyon sa a kòmanse anvan domaj la rive, lè l itilize rekòmandasyon bay founisè prevansyon sante piblik yo oswa ekip evalyasyon ak jesyon menas konpòtmantal, oswa nan aplike fòmasyon sou entèvansyon pou pou temwen yo. Men kèk egzanp ki gen rapò ak Resous pou Prevansyon sa a:

- **Sèvis Referans:** Etabli yon liy asistans dirèk pou apèl, tèks, aplikasyon oswa sou entènèt pou pèmèt moun ki enkyete yo refere enkyetid yo bay founisè prevansyon pou sante piblik yo oswa resevwa konsèy sou pwochen etap yo.<sup>19</sup>
- **Ekip Evalyasyon ak Jesyon Menas Konpòtmantal yo (BTAM):** Devlope ekip miltidisciplinè ki kapab evalye yon menas e elabore entèvansyon pou sitiyasyon san parèy chak moun. Ekip sa yo enplike lapolis, pwofesyonèl sante mantal, edikatè, ak lidè kominotè pou evalye ak entèvni ak moun ki montre konpòtman ki pote enkyetid..<sup>20</sup> Egzanp yo gen ladan yo ekip jesyon ak evalyasyon menas nan espas travay, nan kominote a ak nan lekòl yo.

**Prevansyon Tèsyè:** Pwojè ki diminye chans pou vyolans ki sible ak teworis pami moun ki te angaje oparavan nan fòm vyolans sa yo. Men kèk egzanp ki gen rapò ak Resous pou Prevansyon sa a:

- **Pwogram Reyadaptasyon ak Reyentegrasyon:** Pwogram ki reyabilite moun ki gen yon antesedan menas oswa vyolans, ki gendwa gen ladan yo medyasyon konfli, terapi mantal-kompòtmantal, ak fòmasyon pwofesyonèl pou fasilite reyentegrasyon nan sosyete a..<sup>21</sup>
- **Piblikasyon ak Siveyans ki Sipèvizè:** Siveyans ak sèvis soutyen ki ka jere epi ede redwi risk pou residiv pou moun ki enplike nan sistèm jistis penal la akòz menas oswa vyolans.

## Pratik Prevansyon ki Pwomèt: Evalyasyon ak Jesyon Menas Konpòtmantal

Inisyativ prevansyon primòdyal ak primè yo fèt pou diminye volim pwoblèm nan, men kèk moun ka toujou atire nan vyolans. Ekip evalyasyon ak jesyon menas konpòtmantal (BTAM) yo aji kòm yon filè sekirite pou moun sa yo ak kominote yo. Yo itilize apwòch entèdisiplinè sa a pou evalye, entèvni, ak minimize risk ki asosye ak moun ki konsidere vyolans kòm yon kanal pou abòde revandikasyon oswa chèche tire revanj pou enjistis reyèl oswa enjistis yo wè..<sup>22, 23</sup>

Lide vyolan ak lòt konpòtman ki asosye ak zak vyolans ki sible anvan yo bay yon fenèt opòtinite pou òganizasyon ak kominote yo reyalize entèvansyon ki pa pinitif. Anpil etid demontre moun ki komèt diferan fòm vyolans ki sible souvan kominike entansyon yo anvan yon atak, souvan kòm yon apèl pou jwenn èd, e 81% nan moun ki tire nan lekòl yo ak 47% ki koze lanmò nan foul atravè vyolans ak zam..<sup>24</sup>



Ekip BTAM yo kreye yon opòtinite pou teyori, pratik ak resous ki fonde sou sante piblik sipòte jesyon dosye pou moun ki bezwen swen. Apati baz prèk apati kominote prevansyon kont vyolans ki fonde sou sante piblik la, BTAM rekonèt enpòtans pou amelyore faktè pwoteksyon epi minimize faktè risk ki asosye ak vyolans yo. Etandone varyete faktè ki potansyèlman enpòtan yo, BTAM anplwaye yon apwòch miltidisyèl, ki rasanble pwofesyonèl sante mantal ak konpòtmantal, travayè sosyal, pwofesyonèl lapolis, edikatè, ak manm kominote a.<sup>25</sup> Atravè itilizasyon faktè risk ak pwoteksyon yo, ansanm ak lòt prensip sante piblik, ekip BTAM yo ka alinye travay yo sou efò prevansyon primòdyal primè, segondè ak tèsyè yo.

Pwogram BTAM yo aplike nan plizyè anviwònman, tankou lekòl, espas travay, ak kominote yo.<sup>26</sup> Pwogram sa yo itilize yon pwosesis estriktire pou idantifye, ankete, evalye, ak jere moun ki riske komèt vyolans kont lòt moun pou yo kapab aplike estrateji jesyon endividyèl pou diminye risk yo. Akoz ekip BTAM yo itilize pwosesis estriktire pou reyalize evalyasyon ak plan jesyon dosye yo, yo ogmante aksè ak sèvis ki nesèse yo epi diminye chans pou konsekans vyolan.<sup>27</sup>

Pou etabli kapasite debaz ki pi aktyèl yo pou pwogram sa yo, USSS-NTAC an te pibliye, *Inite pou Evalyasyon Menas Konpòtmantal yo: Yon Gid pou Lapolis Eta a ak Lokal la Pou Anpeche Vyolans ki Sible* (2024).<sup>28</sup> Gid operasyonèl sa a prezante yon kad ki kapab grandi gradyèlman ki gen sis etap bay lapolis Eta a ak lokal yo pou devlope inite evalyasyon menas konpòtmantal ki baze sou prensip yo ak ekspètiz pyonyè Sèvis Sekrè yo nan sa ki konsène prevansyon kont vyolans. Inite sa yo pral ede ajans lapolis yo itilize yon apwòch ki santre sou kominote pou idantifye nan yon fason dinamik ak entèvnè ak moun ki reprezante yon risk pou yo fè atak nan fowl oswa lòt zak vyolans ki sible.

Apwòch BTAM ki dekri nan gid sa a pa:

- Prediksyon;
- Yon mwayen pou kategorize yon moun kòm yon teworis oswa yon moun k ap atake fowl;
- Fèt pou l pinitif; oswa
- Yon evalyasyon klinik risk vyolans.

## Yon Apwòch ki Santre sou Kominote

Yon apwòch ki santre sou kominote se yon prensip kle nan BTAM. Ekip miltidisyèl yo materyalize apwòch sa a epi bay egzanp responsablite kolektif kominote a pou abòde pwoblèm konplèks vyolans ki sible ak teworis la. Pa gen yon sèl antite oswa disiplin ki ka atake nati divès aspè nan pwoblèm nan ni pote yon solisyon global, se pou rezon sa a yon apwòch kominotè ak ekip obligatwa.

Ekip miltidisyèl sa yo rekonèt prevansyon kont vyolans egzije yon efò kolaborasyon, ki depase konpetans endividyèl. Pou reyalize travay yo, ekip BTAM yo gendwa antreprann evalyasyon risk oswa vilnerabilite, evalyasyon menas, oswa evalyasyon bezwen yo. Sa yo gendwa fèt sou baz metòd analitik pwofesyonèl administre, tankou evalyasyon klinik, evalyasyon risk aktuaryèl, oswa jijman pwofesyonèl ki estriktire. Angaje pwofesyonèl ki resevwa fòmasyon ki soti nan plizyè domèn — sa gen ladan l lapolis, gouvènman, sante mantal, tretman pou itilizasyon sibstans, edikasyon, sektè prive, lidè relijye, ak òganizasyon kominotè — asire evalyasyon ak jesyon dosye yo chita sou pwosesis ki baze sou prèk ak apwòch ki nòmalize. Plizyè founisè prevansyon sipòte efò BTAM nan tout nivo prevansyon.



## Idantifye, Ankete, Evalye, Jere

Apwòch dinamik e ki pa pinitif BTAM lan ankouraje yon pwosesis estriktire pou idantifye, ankete, evalye, epi jere moun ki gen risk pou yo komèt vyolans kont lòt moun pou yo ka aplike estrateji jesyon yo pou diminye risk yo. Apwòch sa a pou prevansyon kont vyolans ki sible an gen ladan l etap sa yo:



*Adapte apati Pwogram Nasyonal Evalyasyon ak Rapò sou Menas yo, Ransèyman ak Analiz DHS la<sup>29</sup>*


1. **Idantifye:** Kreye opòtinite pou idantifye moun ki montre konpòtman ki bay enkyetid yo epi etabli mekanis pou drese rapò pou aktè yo ak temwen yo.
2. **Ankete:** Byen rasanble enfòmasyon pou enfòmè evalyasyon an. (Remak: tèm sa a pa itilize pou endike yon ankèt jistis penall nan kontèks sa a.)
3. **Evalye:** Itilize yon pwosesis ki estriktire pou detèmine si yon moun ta ka sou yon wout pou vyolans ki sible nan analize modèl konpòtman li ak sikonstans yo.
4. **Jere:** Devlope epi aplike plan jesyon dosye endividalize pou sipòte moun lan baze sou risk ak faktè pwoteksyon ki pètinan, sa ki diminye chans pou konsekans vyolan.

Ekip miltidisiplinè yo se kle pou yon evalyasyon ak jesyon konpòtmantal yo ki byen eklere, byen kowòdone ak aplike. Kolaborasyon ak patenarya kwaentèdisiplinè yo se pilye nan yon estrateji global — yon estrateji ki vize pou diminye risk moun yo poze sou chemen vyolans.

## Faktè Sosyal oswa Anviwònmantal, Sityasyonèl, ak Endividyèl

Etid sou evalyasyon ak jesyon menas konpòtmantal yo rekonèt konsekans vyolan pa soti nan yon sityasyon sengilye oswa faktè risk.<sup>3031</sup> Okontrè, anpil faktè strès ak sityasyon ki ka deklanche enfliyans moun ki itilize vyolans yo. Dapre modèl sosyal ekolojik founisè prevansyon kont vyolans ki fonde sou sante piblik yo itilize, faktè presyon sa yo kouvri faktè sosyal, anviwònmantal, sityasyonèl ak endividyèl yo.<sup>3233</sup>

Yon evalyasyon menas pa yon pwen final, men pito kòmansman yon pwosesis jesyon dosye. Senpman evalye konpòtman yon moun kòm yon enkyetid san yo pa devlope yon estrateji jesyon pa diminye chans pou gen vyolans. Evalyasyon menas la ta dwe gide aksyon pou redui potansyèl vyolans lan.



## Faktè Sosyal oswa Anviwònmanal

- **Nòm ak Valè Kiltirèl yo:** Valè sosyal ak nòm kiltirèl yo ka enfluyans konpòtman. Sa yo konsidere kòm konpòtman ki akseptab oswa inakseptab varye atravè kilti ak sosyete, epi evalyasyon menas dwe sansib ak nyans kiltirèl sa yo.
- **Entegrasyon ak Kowezyon Sosyal:** Nivo entegrasyon ak kowezyon sosyal nan yon gwoup sosyal (pa egzanp: lekòl, espas travay, òganizasyon kominotè) kapab ranfòse santiman apatenans, sekirite, ak otonomizasyon, oswa diminye santiman izolman ak ensètitud kote vyolans gendwa vin pi atiran.
- **Enfluyans Medya ak Enfòmasyon:** Dekripsyon medya yo fè sou evènman yo ak moun yo ka afekte fason moun yo wè ak reyaji nan sityasyon yo, sa ki potansyèlman enfluyans konpòtman yo.

## Faktè Sityasyonèl

- **Enfluyans Anviwònmanal:** Anviwònman imedyà yon moun ak kondisyon anviwònman yo ka afekte konpòtman li anpil. Faktè tankou anplasan, aksè ak resous, ak prezans rezo soutyen yo ka yo tout enfluyans aksyon yon moun.
- **Evènman Lavi ak Faktè Estrès yo:** Evènman lavi ki resan, sitou sa ki pote estrès yo tankou pèt yon travay, yon lanmò nan fanmi an, oswa pwoblèm finansye, ka deklanche chanjman konpòtman epi yo gendwa ogmante chans pou vyolans nan absans mekanis adaptasyon ak soutyen.
- **Aksè ak Resous yo:** Disponibilite resous yo, tankou sèvis sante mantal, konsèy, ak sistèm soutyen, ka gen enpak sou kapasite yon moun pou konfwonte strès epi chèche èd lè sa nesesè.

## Faktè Endividyèl yo

- **Byennèt Mantal ak Eta Sikolojik:** Konprann sityasyon byennèt mantal, eta sikolojik, ak antesedan pwoblèm sante mantal yon moun esansyèl. Gen kèk kondisyon sante mantal ki ka ogmante risk pou konpòtman menasan si yo pa byen jere.
- **Karakteristik Pèsonalite ak Konpòtman:** Pèsonalite, modèl konpòtman, ak karakteristik yon moun ka bay bon jan enfòmasyon sou tandans li pou vyolans oswa pou fè lòt moun mal.
- **Antesedan Vyolans oswa Agresyon:** Ensidan vyolans yo oswa konpòtman agresif ki pase yo ta dwe konsidere ak anpil atansyon lè y ap evalye potansyèl menas yon moun ka poze.
- **Relasyon Sosyal:** Evalye relasyon, entèraksyon sosyal, ak rezo soutyen yon moun ka pote limyè sou potansyèl li pou koze domaj.





## Amelyore Pratik Jesyon Dosye yo

Apwòch jesyon dosye ki estriktire ap parèt nan entèkansyon BTAM segondè ak tèsyè yo.<sup>34</sup>

Travay sa a baze sou resous ak ekspètiz miltidisciplinè nan kesyon jesyon dosye. Jesyon dosye yo gendwa gen ladan yo pou ofri yon koneksyon endividyèl sou peryòd ki kout bay sèvis soutyen yo oswa apwòch entansif, ak e ki angaje sou peryòd ki pi long.

Entèkansyon jesyon dosye yo itilize diferan zouti ki adapte pou chak etap nan pwosesis jesyon an, ki souvan kowòdone atravè manm ekip BTAM yo. Anjeneral, jesyon dosye an vize ede moun yo, diminye risk pou yo angaje yo nan konpòtman vyolan. Metòd ak kontèks livrezon dosye yo varye selon entèkansyon ki nesèse yo men yo gendwa gen ladan yo sa ki annapre yo:

**Planifikasyon Dosye:** Entèkansyon jesyon dosye yo kòmanse ak devlopman yon plan dosye adapte ki fonde sou baz yon pwosesis evalyasyon. Pwosesis sa a gendwa gen ladan l evalyasyon risk ak bezwen yo pou gide planifikasyon entèkansyon. Tipikman, patnè miltidisciplinè yo kolabore pou idantifye bezwen soutyen chak moun epi konsepsyon yon plan entèkansyon pèsonalize.

**Livrezon ak aplikasyon:** Entèkansyon jesyon dosye yo enplike livrezon plan ki adapte ki deplwaye sèvis pou satisfè bezwen endividyèl yo ak jere risk yo.<sup>35</sup> Pa egzanp, yon plan endividyèl gendwa gen ladan l soutyen tankou edikasyon, travay, asistans sikolojik, soutyen pou fanmi, oswa plis fòm èd espesyalize., tankou aktivite prososyal.

**Siveyans ak Evalyasyon:** Yo itilize plizyè metòd pou kontwòle ak evalye pwogrè endividyèl yo atravè pwosesis jesyon dosye a. Sa gendwa enplike konferans dosye plizyè ajans pou egzamine estati dosye yo, evalyasyon parapò ak plan entèkansyon orijinal la, ak ranmasaj done kalitatif atravè fichye dosye ak nòt. Done kalitatif sa yo gen ladan yo kòmantè kliyan yo, obsèvasyon, entèraksyon ak founisè sèvis yo, ak/oswa lòt faktè ki pètinan ki lye ak dosye yo, tankou pwosedi legal oswa patisipasyon lapolis.

**Tranzisyon ak Sòti:** Desizyon pou sòti nan yon entèkansyon pou jesyon dosye baze sou sikonstans endividyèl ak konpòtman, jan sa dokimante pandan siveyans lan. Lè entèkansyon an fini, oswa sèvis anplis yo angaje, yo evalye moun lan pou detèmine si risk yo te diminye, epi si bezwen yo te satisfè dapre objektif entèkansyon anvan yo.

## Elaji Patenarya konsènan Jesyon Menas Konpòtmantal ak Sante Piblik

Pou reyalize konsekans ki reyisi, yo bay sèvis evalyasyon menas ak jesyon dosye solid atravè patenarya estratejik. Bati patenarya kwaentèdisiplinè esansyèl byen anvan menas vyolans lan parèt. Sa gen ladann etabli lyen ant efò prevansyon kont vyolans depi nan tèt, tankou kanpay sansibilizasyon pou ankouraje byennèt mantal, konpetans pou rezoud konfli, ak bon relasyon entèpèsònèl, ansanm ak devlopman politik ak estrateji ki baze sou prèv.

Avèk plizyè deseni eksperyans nan jere faktè risk ak pwoteksyon pataje ki asosye ak vyolans, kominote sante piblik la kapab sipòte pwosesis BTAM yo tou nan rekòmande entèkansyon sible ki espesyalize nan sa ki gen pou wè ak vyolans. Efò sa yo souvan gen ladan yo rekonèt defi byennèt mantal yo, ansanm ak difikilte pou adapte ak faktè strès yo, itilizasyon sibstans, oswa izolman sosyal.

Prevansyon Segondè ranfòse otonomi ekip BTAM yo pou bay resous pou sipòte moun ki demontre konpòtman ki bay enkyetid. Entèkansyon alè ka abòde pwoblèm ki kache epi anpeche menas yo ogmante, pwoteje moun yo ak sosyete a. Pwofesyonèl sante piblik yo ka ede ekip BTAM yo etabli kapasite jesyon menas ki enpòtan. Sa gen ladann aplikasyon entèkansyon adapte ki fèt pou bay faktè pwoteksyon ki apwopriye pou sipòte moun ak pwoteje kominote yo kont zak vyolans. Entèkansyon sa yo gendwa gen ladan yo konsèy sou peryòd ki long, mantora, aktivite pwososyal, estrateji adaptasyon ki efikas, ak estrateji pou anpeche vyolans, jan yo diskite sou sa plis nan etid sosye ki nan paj ki suiv lan.



Prevansyon tèsyè an ranfòse otonomi ekip BTAM yo pou yo jere yon fason efikas dosye ki enplike moun ki gen yon antesedan vyolans ki sible atravè jesyon reyentegratif menas yo. Resous sante piblik yo ka pwolonje fenèt opòtinite a pou reyabilitasyon ak reentegrasyon pi lwen pase peryòd pwobasyon/libasyon sou kondisyon an, oswa paramèt kondisyon liberasyon yon moun, epi sipòte entèvansyon nan plizyè nivo.

## Abòde Faktè Risk ak Pwoteksyon yo atravè Jesyon Dosye Miltidisciplinè: Etid Dosye

Pou mete lide ki dekri nan Resous pou Prevansyon sa a an pratik, seksyon sa a trase yon egzanp etid dosye, ki ini travay evalyasyon menas yo konsènan sante piblik ak konpòtman.

Yon moun te afiche mesaj ki bay enkyetid sou entènèt, ki endike gwo detrès ak resantiman parapò ak yon konpayi presi nan vil la - ansanm ak yon referans ki pa presi ak yon konsekans vyolan. Pandan mesaj yo te lakòz enkyetid pou fanmi yo, epi konpayi an te rapòte enkyetid yo bay lapolis, mesaj ki te pataje sou entènèt yo pa t satisfè minimòm kriminel pou aksyon lapolis. Zouti vil la pou fè rapò te avèti ekip BTAM la. Analiz ekip la mennen apre yo te pèmèt idantifikasyon faktè sa yo:

### Faktè Estrès yo ak Akseleratè Potansyèl Vyolans yo

- **Pèt Travay:** Moun nan te voye menas yo apre yon pèt travay resan akòz yon desizyon konpayi an.
- **Enkyetid Sante Mantal:** Rapò lapolis yo endike plizyè vizit lakay moun lan pou verifikasyon byennèt li ak enkyetid ki gen rapò ak sante mantal. Sijè a pa kapab bay tèt li medikaman akòz pèt avantaj asirans yo.
- **Sistèm Kwayans:** Pandan konvèsasyon yo, moun lan pa t ekspriye okenn espwa pou yon rezolisyon amikal e li te refize diskite plis sou piblikasyon sou entènèt yo.
- **Presyon Finansye:** Pèdi travay te lakoz pwoblèm finansye, tankou kapasite pou bay tèt li medikaman esansyèl.
- **Lide Vyolan:** Prezans moun lan sou entènèt te fè referans ak lòt moun ki te tire sou foul, sa ki endike petèt yon fiksasyon sou vyolans.

### Estrateji Potansyèl pou Jesyon Dosye

- **Asistans pou Jwenn Travay:** Bay moun lan soutyen pou aplike pou travay epi konekte ak travay yo.
- **Asistans Finansye:** Kolabore ak ajans ki ofri èd finansye sou peryòd ki kout pou soulaje presyon finansye imedyà.
- **Aksè ak Medikaman epi Tretman:** Fasilite aksè ak medikaman ak tretman abòdab, oswa eksplòre opsyon altènatif pou jere twoub sante yo.
- **Soutyen Pwososyal:** Idantifye òganizasyon lokal kote moun lan ka jwenn konsolasyon, espwa, ak angajman sosyal, epi tou planifye pou lavni epi petèt ede lòt moun.



## Siveyans ak Evalyasyon

- Ekip BTAM yo travay ak moun epi fanmi, aktè kominotè, ak founisè sèvis pou evalye si sèvis yo bay yo ap ede moun lan, epi si yo bezwen resous anplis.
- Lè l abòde faktè risk sa yo epi aplike estrateji jesyon apwopriye yo, ekip BTAM la vize pou bay soutyen, soulaje estrès, ak anpeche zak vyolans potansyèl pandan l ap ankouraje byennèt jeneral moun lan.
- Siveyans, evalyasyon, ak kolaborasyon pèmanan ak resous kominotè enpòtan yo esansyèl pou yon entèkansyon ki reyisi.

## Konklizyon

Vyolans ki Sible ak teworis se defi sekirite grav nasyon nou an ap fè fas, men souvan yo ka evite yo. Pratik ki dekri la yo fèt pou sipòte pwogram BTAM miltidisciplinè yo nan lekòl yo, nan espas travay yo, ak nan anviwònman kominotè. Lè yo adopte yon apwòch ki fonde sou sante piblik, founisè prevansyon yo ka entegre ak pi gwo inisyativ prevansyon kont vyolans nan kominote a pou sipòte moun anvan vyolans lan rive. Espwa a se divès pwofesyonèl ki soti nan plizyè sektè pral itilize Resous pou Prevansyon sa a kòm yon gid pou amelyore travay yo epi rejwenn CP3 nan efò yo anpeche vyolans ki sible ak teworis Ozetazini.

## Resous CP3 yo

Sant pou Pwogram ak Patenarya Prevansyon Ministè Sekirite Enteryè an (CP3) bay resous pou anpeche ak redui zak vyolans ki sible ak teworis. Resous yo gen ladan yo soutyen pou anplwaye yo nan tout peyi a, finansman sibvansyon, fòmasyon, ak materyèl edikatif pou ede kenbe Eta ou ansekirite.

**Kowòdonatè Prevansyon Rejyonal yo** sipòte efò prevansyon kont vyolans ki sible ak teworis nan nivo Eta a ak lokal yo. Yo pataje enfòmasyon, bay fòmasyon, epi ede konstwi rezo pou patnè kominotè ki angaje yo nan prevansyon. Pou aprann plis, vizite [www.dhs.gov/cp3](http://www.dhs.gov/cp3) oswa kontakte yon Kowòdonatè Prevansyon Rejyonal CP3 nan imèl [cp3field@hq.dhs.gov](mailto:cp3field@hq.dhs.gov).

**Pwogram Sibvansyon pou Prevansyon kont Vyolans ak Teworis** lan bay finansman pou gouvènman, òganizasyon san objektif pou fè lajan, ak enstitisyon edikasyon siperyè Eta a, lokal, tribi ak teritoryal yo pou etabli oswa amelyore kapasite pou anpeche vyolans ki sible ak teworis. Aprann plis epi aplike nan <http://www.dhs.gov/tvtpgrants> oswa kontakte ekip sibvansyon an nan [terrorismprevention@hq.dhs.gov](mailto:terrorismprevention@hq.dhs.gov).

**Motè Rechèch Resous pou Prevansyon** an bay enfòmasyon piblik sou resous ki nesèsè pou ede prepare pou, ak anpeche, vyolans ki sible ak teworis atravè peyi nou an. Resous sou sit entènèt la gen ladan yo resous pou soutyen kominotè yo, opòtinite finansman sibvansyon, platfòm pataj enfòmasyon, rechèch ki baze sou prèv, ak opòtinite fòmasyon pou diminye risk vyolans ki sible, tankou vyolans ki baze sou rayisman. Jwenn plis enfòmasyon nan <https://www.dhs.gov/prevention>



## Remak

<sup>1</sup> Logan, C., Borum, R., & Gill, P. (Eds) (2023). *Violent Extremism: A Handbook of Risk Assessment and Management*. UCLPress. Retrieved June 10, 2024, from <https://discovery.ucl.ac.uk/id/eprint/10179192/>

<sup>2</sup> National Threat Assessment Center. (2023, January). *Mass Attacks in Public Spaces: 2016-2020*. U.S. Secret Service, Department of Homeland Security. <https://www.secretservice.gov/newsroom/reports/threat-assessments/mass-attacks-public-spaces/details-1>

<sup>3</sup> Meloy, J. Reid., Hoffmann, J., Deisinger, E.R.D., & Hart, S.D. (2021). Threat Assessment and Threat Management. In J.R. Reid & Deisinger, Eugene R.D. (Eds.) *International Handbook of Threat Assessment* (2nd ed.). Oxford University Press. <https://academic.oup.com/book/30016/chapter-abstract/255629483?redirectedFrom=fulltext>

<sup>4</sup> Ibid.

<sup>5</sup> National Threat Assessment Center. (2021, March). *Averting Targeted School Violence: A U.S. Secret Service Analysis of Plots Against Schools*. U.S. Secret Service, Department of Homeland Security. <https://www.secretservice.gov/newsroom/reports/threat-assessments/schoolcampus-attacks/details-0>

<sup>6</sup> U.S. Centers for Disease Control and Prevention. (2024, April 9). *About The Public Health Approach to Violence Prevention*. Retrieved June 10, 2024, from <https://www.cdc.gov/violence-prevention/about/about-the-public-health-approach-to-violence-prevention.html>

<sup>7</sup> U.S. Centers for Disease Control and Prevention. (2024, March 12). *Youth Violence Prevention: Risk and Protective Factors*. Retrieved June 11, 2024, from <https://www.cdc.gov/youth-violence/risk-factors/>

<sup>8</sup> American Public Health Association. (2018, November 13). *Violence is a Public Health Issue: Public Health is Essential to Understanding and Treating Violence in the U.S.* Retrieved June 11, 2024, from <https://apha.org/policies-and-advocacy/public-health-policy-statements/policy-database/2019/01/28/violence-is-a-public-health-issue>

<sup>9</sup> Wilkens, N., Tsao, B., Hertz, M., Davis, R., & Klevens, J. (2014, July). *Connecting the Dots: An Overview of the Links Among Multiple Forms of Violence U.S. Centers for Disease Control and Prevention*. <https://stacks.cdc.gov/view/cdc/31552>

<sup>10</sup> Wolfowicz, M., Litmanovitz, Y., Weisburd, D., & Hasisi, B. (2021). Cognitive and behavioral radicalization: A systematic review of the putative risk and protective factors. *Campbell Systemic Reviews*, 17(3). <https://onlinelibrary.wiley.com/doi/full/10.1002/cl2.1174>

<sup>11</sup> Ellis, B. H., Erez, E., Horgan, J., LaFree, G., & Spaaij, R. (2024). Comparing Violent Extremism and Terrorism to Other Forms of Targeted Violence. *National Institute of Justice Journal*. National Institute of Justice Programs, U.S. Department of Justice Retrieved June 14, 2024, from <https://nij.ojp.gov/topics/articles/comparing-violent-extremism-and-terrorism-other-forms-targeted-violence>

<sup>12</sup> U.S. Department of Homeland Security (2021). *Mitigating the Threat of School Violence as the U.S. "Returns to Normal" from the COVID-Pandemic and Beyond*. Retrieved June 11, 2024, from [https://www.dhs.gov/sites/default/files/publications/mitigating\\_the\\_threat\\_of\\_school\\_violence.pdf](https://www.dhs.gov/sites/default/files/publications/mitigating_the_threat_of_school_violence.pdf)

<sup>13</sup> Ellis, B. H., Miller, A. B., Sideridis, G., Frounfelker, R., Miconi, D., Abdi, S., Aw-Osman, F., & Rousseau, C. (2021). Risk and Protective Factors Associated With Support of Violent Radicalization: Variations by Geographic Location. *International Journal of Public Health*, 66:617053. doi:



---

10.3389/ijph.2021.617053. <https://nij.ojp.gov/library/publications/risk-and-protective-factors-associated-support-violent-radicalization>

<sup>14</sup> Wilkins, N., Myers, L., Kuehl, T., Bauman, A., & Hertz, M. (2018). Connecting the Dots: State Health Department Approaches to Addressing Shared Risk and Protective Factors Across Multiple Forms of Violence. *Journal of public health management and practice: JPHMP*, 24 Suppl 1 Suppl, Injury and Violence Prevention(Suppl 1 INJURY AND VIOLENCE PREVENTION), S32–S41. <https://doi.org/10.1097/PHH.0000000000000669>

<sup>15</sup> Wolfowicz, M., Litmanovitz, Y., Weisburd, D., & Hasisi, B. (2021). Cognitive and behavioral radicalization: A systemic review of the putative risk and protective factors. Retrieved August 7, 2024, from <https://onlinelibrary.wiley.com/doi/full/10.1002/cl2.1174>

<sup>16</sup> Ibid.

<sup>17</sup> Sabic-El-Rayess, A., Joshi, V., & Hruschka, T. (2023). Building resilience to hate in classrooms: Innovation in practice and pedagogy to prevent extremism and violence in U.S. schools. *Journal of Prevention & Intervention in the Community*, 51(4), 313–331. <https://doi.org/10.1080/10852352.2024.2305562>.

<sup>18</sup> Weine, S. M., Ellis, B. H., Haddad, R., Miller, A. B., Lowenhaupt, R., & Polutnik, C. (2015). Lessons Learned from Mental Health and Education: Identifying Best Practices for Addressing Violent Extremism, Final Report to the Office of University Programs, Science and Technology Directorate. United States Department of Homeland Security. [http://www.start.umd.edu/pubs/START\\_LessonsLearnedfromMentalHealthAndEducation\\_FullReport\\_Oct2015.pdf](http://www.start.umd.edu/pubs/START_LessonsLearnedfromMentalHealthAndEducation_FullReport_Oct2015.pdf)

<sup>19</sup> Center for Prevention, Programs, and Partnerships. (2023, September 6). TVTP Grantee Story: District of Columbia Homeland Security and Emergency Management Agency. United States Department of Homeland Security. Retrieved June 11, 2024, from <https://www.dhs.gov/tvtp-grantee-story-district-columbia-homeland-security-and-emergency-management-agency>

<sup>20</sup> Center for Prevention, Programs, and Partnerships. (2023, September 6). TVTP Grantee Story: Boston Children's Hospital. United States Department of Homeland Security. Retrieved June 11, 2024, from <https://www.dhs.gov/tvtp-grantee-story-boston-childrens-hospital>

<sup>21</sup> Department of Homeland Security, Science and Technology. (2024, January 23). Counter Extremism Project FY 20 Grant Evaluation Report. Retrieved June 11, 2024, from [https://www.dhs.gov/sites/default/files/2024-01/23\\_0131\\_tvtpgrants\\_counterextremismprojectevaluationreport.pdf](https://www.dhs.gov/sites/default/files/2024-01/23_0131_tvtpgrants_counterextremismprojectevaluationreport.pdf)

<sup>22</sup> Borum, R., Fein, R., Vossekuil, B., & Berglund, J. (1999). Threat Assessment: Defining an Approach to Assessing Risk for Targeted Violence. *Behavioral Sciences and the Law*, 16.

<sup>23</sup> Calhoun, F., & Weston, S. (2017). Threat Assessment and Management Strategies: Identifying the Howlers and Hunters, Second Edition (2nd ed.). Routledge. <https://doi.org/10.1201/b19689>

<sup>24</sup> Peterson, J., Erickson, G., Knapp, K., & Densley, J. (2021). Communication of Intent to Do Harm Preceding Mass Public Shootings in the United States, 1966 to 2019. *JAMA Network Open*, Retrieved June 11, 2024, from <https://jamanetwork.com/journals/jamanetworkopen/fullarticle/2785799>

<sup>25</sup> Office of the Director of National Intelligence. (2022). Joint Counterterrorism Assessment Team First Responder Toolbox. Retrieved June 11, 2024, from <https://www.dni.gov/index.php/nctc-how-we-work/joint-ct-assessment-team/first-responder-toolbox>



---

<sup>26</sup> Ellis, B. H., Miller, A. B., Schouten, R., Agalab, N. Y., & Abdi, S. M. (2020). The Challenge and Promise of a Multidisciplinary Team Response to the Problem of Violent Radicalization. *Terrorism and Political Violence*, 34(7), 1321–1338. Retrieved June 11, 2024, from <https://www.tandfonline.com/doi/abs/10.1080/09546553.2020.1777988>

<sup>27</sup> Crepeau-Hobson, F., & Leech, N. (2021). Disciplinary and Non-disciplinary Outcomes of School-Based Threat Assessment in Colorado Schools. *School Psychology Review*, 51(5), 609–618. <https://doi.org/10.1080/2372966X.2020.1842716>

<sup>28</sup> National Threat Assessment Center. (2024). Behavioral Threat Assessment Units: A Guide for State and Local Law Enforcement to Prevent Targeted Violence. U.S. Secret Service, Department of Homeland Security.

<sup>29</sup> U.S. Department of Homeland Security. (2023, September 11). National Threat Evaluation and Reporting Program Office One-Pager. Retrieved June 12, 2024, from <https://www.dhs.gov/publication/nter-one-pager>.

<sup>30</sup> Logan, C. (2021). Violent Extremism: The Assessment And Management Of Risk. *CREST Security Review*, 11. Retrieved June 12, 2024, from <https://crestresearch.ac.uk/comment/violent-extremism-the-assessment-and-management-of-risk/>

<sup>31</sup> Meloy, J. R., Hoffman, Deisinger, E. R. D., & Hart, S. D. (2021). Threat assessment and threat management. In J. R. Meloy & J. Hoffmann (Eds.), *International handbook of threat assessment* 2<sup>nd</sup> ed (New York, 2021; online ed, Oxford Academic, 1 April 2021), <https://doi.org/10.1093/med-psych/9780190940164.003/0001>

<sup>32</sup> Ibid.

<sup>33</sup> U.S. Centers for Disease Control. (2024, April 9). A Framework for Prevention. Retrieved June 12, 2024, from <https://www.cdc.gov/violence-prevention/about/index.html>

<sup>34</sup> Lewis, J., Marsden, S., Cherney, A., Zeuthen, M., Rahlf, L., Squires, C., & Peterscheck, A. (2024) Case management interventions seeking to counter radicalization to violence and related forms of violence: A systemic review. *Campbell Systemic Reviews*, 20, e1386. <https://doi.org/10.1002/cl2.1386>

<sup>35</sup> Logan, C. (2023). From behaviours to people: formulation-based risk management in violent extremism. C. Logan, R. Borum & P. Gill (Eds.), *Violent Extremism: A Handbook of Risk Assessment and Management* (pp. 135-177). UCLPress. <https://discovery.ucl.ac.uk/id/eprint/10179192/>